



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 43 MILYON DOLA NAN FINANSMAN LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL LA POU DLO PWÒP, LÈ PWÒP AK TRAVAY VÈT POU HARLEM RIVER GREENWAY AK REZISTANS KONT CHANJMAN KLIMATIK

Pwojè a pral pote nouvo espas ki louvri ak aksè sou bòdmè pou kominote ki nan Upper Manhattan

Konsepsyon an pral amelyore rezistans, ede diminye enpak move tan ekstrèm, epi pwoteje kot yo kont elevasyon nivo lanmè a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a finansman pou fè avanse konstriksyon eleman prensipal seksyon Harlem River sou Manhattan Greenway nan pou ede konekte rezidan katye yo ak bòdmè a, epi ranfòse pwoteksyon kont move tan ekstrèm ak ogmantasyon nivo lanmè. Pwojè a, yo konnen ofisyèlman sou non Manhattan Greenway Harlem River, gen ladan li yon mi bò lanmè yo rekonstwi, nouvo santye pou pyeton ak bisiklèt, ansanm ak yon nouvo pak sou bòdmè ki a distans sèt blòk yo te finanse an pati ak 43 milyon dola ki sòti nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) ki vo 4.2 milya dola.

"Eta Nouyòk ap envesti nan Harlem ak lòt katye atravè vil la avèk sipò Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la ki vo 4.2 milya dola, pou konekte kominote yo ak bòdmè a pandan y ap rann zòn sa yo pi rezistan ak dirab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inondasyon grav semèn pase a ak Deklarasyon Eta Dijans (State of Emergency) lan raple nou ke move tan ekstrèm pa yon fenomèn ki ra ankò — se nouvo reyalyte nou. Pwojè sa a vini nan yon moman kritik pandan n ap redouble efò pou bati rezistans kont chanjman klimatik, pwoteje zòn ki vilnerab yo, epi elaji aksè a espas anplennè ki an sekirite ak ki bon pou sante."

Nan kad inisyativ ki pi laj Manhattan Waterfront Greenway pou kreye yon espas vèt an wonn 52 kilomèt (32.5 mil) toutotou zile Manhattan, pwojè Harlem River ki koute 309 milyon dola a se yon efò Vil Nouyòk mennen pou reyamenaje kot Harlem nan. Greenway la ap bay yon mwayen transpò esansyèl ki favorab ak klima a, epi li pral konble vid enpòtan ki konekte ak wout Empire State la atravè yon koridò reyamenaje ki fèt pou absòbe epi kenbe lapli, jere dlo lapli ak sansibilite, epi diminye inondasyon nan lavni yo.

Eta Nouyòk ap bay 43 milyon dola nan finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) te administre, pou reponn kont vilnerabilite klimatik nan yon kominote defavorize lè y ap elve kot yo pou diminye risk ki lye ak ogmantasyon nivo lanmè a ak tanpèt entans, pandan y ap elaji aksè sou bòdmè pou East Harlem. Yo pral elve sit la mwens pase 1 mètr (2 pye) pou rive nan yon wotè plis pase 3 mètr (11 pye), sa ki asire yon pwoteksyon kont elevasyon nivo lanmè a jiska pwojeksyon pou ane 2080 yo. Nouvo pak la pral ajoute plizyè santèn pyebwa ak touf pyebwa, ansanm ak mwens pase 1 ekta gazon, pou ede diminye enpak zile chalè ki fèt nan zòn iben nan East Harlem, epi pou absòbe ak kenbe dlo lapli.

Karakteristik adisyonèl pwojè a gen ladan gazon pasif, plas pou chita, zòn pou fè egzèsis, yon lakou pou jwe, atizay piblik, ak espas kominotè pou yon katye ki gen kèk vilnerabilite demografik ak chay anviwònmantal ki pi wo nan tout eta a.

Pwojè a se yon kolaborasyon ant Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC), New York City Parks, ak plizyè lòt ajans, ki enkli entegrasyon Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil Nouyòk (New York City Department of Environmental Protection) konsènan amelyorasyon egou dlo lapli ki nesèsè nan zòn pwojè a, pou ede jere dlo lapli epi diminye risk inondasyon nan katye a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk la, Amanda Lefton, te deklare, "Investisman Eta Nouyòk nan Manhattan Greenway dapre Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la se yon egzanp klasik sou fason Gouvènè Hochul mete aksan sou ekite, epi fè avanse rezistans kont chanjman klimatik la pandan l ap pran an konsiderasyon bezwen ak vilnerabilite espesifik kominote yo ak atansyon, isit la nan vil la ak atravè tout eta a. Angajman 43 milyon dola DEC la pou Harlem River Greenway ap ede reponn ak vilnerabilite ak inegalite klimatik yo nan youn nan kominote ki pi defavorize nan peyi a, lè yo leve kot la pou diminye risk ki lye ak ogmantasyon nivo lanmè ak tanpèt entans chanjman klimatik lakòz, pandan y ap konekte rezidan nan East Harlem yo ak yon aksè elaji sou bòdmè a. Mwen kontan anpil pou mwen wè pwogrè ki ankou pou konekte rezidan lokal yo ak bòdmè a, ak nouvo opòtinite pou yo soti deyò epi pwofite de Manhattan."

Komisè Pak Vil Nouyòk la, Iris-Rodriguez Rosa te deklare, "Nou tèlman rekonesan anvè eta a pou sipò li nan defann investisman sa a pou nouvo espas ki louvri ak amelyorasyon rezistans sou Lès rivyè a. Travay konstriksyon an deja ankou sou Manhattan Greenway Harlem River, e nou pa ka tann pou n bay kominote a plis mizajou pandan pwojè a ap pwogrese."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York la, Andrew Kimball, te deklare, "Sa a se yon gwo etap nan achèyman pwojè Manhattan Greenway Harlem River soti nan 125th-132nd Street, ki pral konekte kominote East Harlem nan ak bòdmè a, epi bati yon Vil Nouyòk ki pi ekite ak pi vèt."

NYCEDC, ansanm ak patnè eta ak lokal nou yo, angaje pou elaji sistèm wout vèt ki deja solid nan Nouyòk, pandan y ap fè efò pou konble gwo mank yo nan sistèm nan pou bati yon lavni ki pi dirab, pi rezistan, epi entèkonekte pou Vil Nouyòk."

Senatè Eta Robert Jackson te deklare, "Harlem River se te yon liy divizyon depi lontan—ant aksè ak esklizyon, ant beton ak kanope. Men investisman 43 milyon dola sa a kòmanse re-ekri eritaj sa a. Grasa Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la, nou pa sèlman ap bati yon wout vèt—nou ap repare domaj anviwònmantral epi reklame sa yo te refize kominote nou an pandan plizyè jenerasyon. Nou ap transfòme yon kot ki te blese pou tounen yon koridò vivan ki pote rezistans ak ekite, pou rekonekte East Harlem ak bò rivyè lejitim li. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou patenarya li nan fè vizyon sa a avanse, epi paske li rekonèt jistis anviwònmantral egzijje investisman ki odasye ak sible. Sa se jistis an aksyon—espas piblik, lè pwòp, ak enfrastrikti klimatik ki chita sou diyite ak demokrasi. Paske tout moun gen dwa pou yo respire lè pwòp e pou yo gen dlo pwòp."

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Pwojè sa a reprezante meyè pwojè nan toude mond yo—li ranfòse koneksyon ant kominote nou an ak bòdmè Harlem River, an menm tan l ap bati tou rezistans ak pwoteksyon anviwònman. Kalite inisyativ sa a ta dwe repwodui nan tout Nò Manhattan, nan Lès tou kòm nan Lwès. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te priorize yon fason entèlijan inisyativ sa a."

Manm Asanble, Jordan J.G. Wright nan Harlem, te deklare, "Soti nan siklòn Sandy rive nan gwo vag chalè resan Nouyòkè yo fin andire jiskaprezan pandan ete sa a, nou konnen move tan ekstrèm se nouvo nòm nan. Pwoteje Harlem ak rezidan li yo kont inondasyon potansyèl ak lòt kalite move tan deregle, pandan n ap pote nouvo aksè sou bòdmè lokal nou an, se yon itilizasyon entèlijan finansmantral Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la. Pwojè Harlem River Greenway la kreye djòb, li pote plis espas ki louvri ak aktivite bò larivyè pou kominote a, epi se yon gwo etap nan reyalizasyon jistis anviwònmantral. Katye tankou Harlem merite pwoteksyon yon nouvo mi bò lanmè yo fè, ansanm ak pi bon aksè sou bòdmè a ak tout sa li gen pou l ofri rezidan yo ak biznis yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou fason li mennen efò enpòtan sa a, ki pral amelyore kalite lavi pou moun Harlem ak lòt kominote yo tou."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Mwen kontan anpil paske Eta Nouyòk ap envesti nan Harlem River Greenway. Finansman sa a se yon investisman nan ekite klimatik ki pral bay kominote East Harlem lan nouvo espas pak, chemen pou bisiklèt ak pyeton, ansanm ak enfrastrikti ki reziste ak chanjman klimatik yo bezwen anpil. Achèvmman Manhattan Waterfront Greenway se youn nan pi gwo priorite mwen depi lontan, e mwen kontan wè eta a fè patenarya ak Vil la pou atenn objektif sa a. Mèsi Gouvènè Hochul pou investisman eta a enpòtan sa nan awondisman nou an."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Yusuf Salaam, te deklare, "Investisman sa a nan Harlem River Greenway make yon moman desizif. Pandan twò lontan, kominote nou an te izole ak pwòp bòdmè li, ki se yon obstak non sèlman ak lwazi ak espas vèt, men ak rezistans fas ak chanjman klimatik. Avèk angajman 43 milyon dola sa a nan Lwa sou

Obligasyon Anviwònmantal la, Gouvènè Kathy Hochul ap ede rekonekte rezidan Harlem yo ak larivyè a, pandan l ap bati yon kot ki pi solid, pi an sekirite, ak plis dirab. Pwojè sa a konsène ekite, jistis klimatik, epi investisman nan sante ak byennèt fanmi Harlem yo. Mwen fyè kanpe ak patnè nou yo nan gouvènman an pandan n ap pote finalman transfòmasyon sa a yo t ap tann twò lontan."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Carmen De La Rosa, te deklare, "Pou kominote jistis anviwònmantal tankou nan Upper Manhattan ak Bronx, investisman nan rezistans kont chanjman klimatik yo pa sèlman nesèsè, yo ijan tou. Lè gen plizyè semèn dlo ki inonde metwo nou yo, apatman nou yo, ak pak nou yo, se kominote tankou pa mwen an ki santi enpak yo plis. Nou ap tann ak enpasyans investisman nan Washington Heights, Inwood, ak Marble Hill grasa Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal 43 milyon dola a, epi nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li reponn a bezwen ijan pou amelyorasyon enfrastrikti ak preparasyon kont chanjman klimatik."

Pwojè a bati sou efò Gouvènè Hochul pou ankouraje aktivite lwazi deyò abòdab. Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 la enkli 200 milyon dola pou Pak Eta yo pou investi ak ede transfòmasyon kontinyèl pak prensipal Nouyòk yo epi sipòte pwojè enfrastrikti enpòtan nan tout sistèm pak la. Nouvo [inisyativ Dekonekte epi Ale Jwe \(Unplug and Play\)](#) Gouvènè a prevwa tou 100 milyon dola pou konstriksyon ak renovasyon sant kominotè yo nan Konstwi Enfrastrikti Lwazi pou Kominote, Timoun ak Granmoun Aje (Build Recreational Infrastructure for Communities, Kids and Seniors, NY BRICKS), 67.5 milyon dola pou inisyativ Plas pou Aprantisaj, Aktivite ak Sosyalizasyon Jèn (Places for Learning, Activity and Youth Socialization, NY PLAYS) k ap ede kominote Nouyòk yo konstwi nouvo lakou rekreyasyon ak renovasyon lakou rekreyasyon ki egziste deja; ak yon lòt 90 milyon dola pou inisyativ Investisman nan Tout Eta a nan Plis Natasyon (Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS) ki ede minisipalite yo pou renove ak konstwi enstalasyon natasyon yo.

Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt Nouyòk la:

Nan dat 8 novanm 2022, elektè Nouyòk yo te apwouve an majorite Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal 4.2 milya dola a. Ajans eta a, gouvènman lokal yo, ak patnè yo pral kapab jwenn aksè nan finansman pou pwoteje kalite dlo, ede kominote yo adapte yo ak chanjman klimatik, amelyore rezistans, epi kreye travay vèt. Finansman Lwa sou Obligasyon an pral sipòte pwojè nouvo ak elaji atravè eta a pou pwoteje sous dlo potab yo, diminye polisyon, epi pwoteje kominote yo ak resous natirèl kont chanjman klimatik yo. Pwogrè sou aplikasyon finansman ap kontinye, ak Eta Nouyòk ki akòde apeprè 1.8 milya dola, oswa 25 pousan, nan fon Lwa sou Obligasyon an jiska jounen jodi a.

Pwojè Harlem River sa a se dènye etap nan investisman Lwa sou Obligasyon yo pou amelyore rezistans kot yo, ankouraje devlopman ekonomik, revitalize katye yo, epi ranfòse opòtinite lwazi yo. Nan mwa avril, Gouvènè a [te anonse 60 milyon dola nan finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal](#) la disponib kounye a pou [Sibvansyon pou Rezistans Vèt \(Green Resiliency Grants\)](#) pou sipòte pwojè jesyon dlo lapli ak enfrastrikti rezistan nan kominote ki gen tandans sibi inondasyon yo atravè Eta Nouyòk.

Dènnye dat limit pou aplikasyon pou pwogram sa a se 15 out 2025. Pou w aprann plis sou pwojè Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal sipòte, enskri pou w resevwa mizajou, epi jwenn lòt resous ki disponib pou inisyativ ki vize rezistans yo, vizite environmentalbondact.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)